



DEFANSÈ KONSOMATÈ ASIRANS FLORIDA

Gid Resous Konsomatè

Yon referans sou ajans ak
òganizasyon ki disponib
pou ede.



Biwo Defansè Konsomatè Asirans la pral travay pou ede ou ak pwoblèm
oswa kesyon asirans ou genyen. Anndan tiliv sa a w ap jwenn yon lis
resous pou ede ou rezoud lòt pwoblèm patnè nou yo te ka jere pi byen.

TELEFÒN

850.413.5923


IMÈL

Your**FL**Voice@MyFloridaCFO.com

ADRÈS POSTAL

Biwo

Defansè Konsomatè Asirans
200 East Gaines Street
Tallahassee, Florida 32399 -0308

  @Your**FL**Voice

www.MyFloridaCFO.com/Division/ICA



Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Agency for Health Care Administration, AHCA)

Telefòn: (850) 412-4304
www.AHCA.MyFlorida.com

Responsab pou pwogram Medicaid Eta a epi yo bay sant sante Eta a lisans. Ou ka pote depoze lent sou sant asistans pou viv ak lòt sant swen sante yo tou.



American Red Cross

Lakwa Wouj Ameriken

Telefòn: 1-800-733-2767
www.RedCross.org

Òganizasyon imanité ki bay èd nan ijans, sekou pou dezaz ak edikasyon nan preparasyon pou dezaz.



Biwo Pibon Biznis (Better Business Bureau, BBB)

Telefòn: 1-800-322-3602
www.BBB.org

Bay konsomatè yo enfòmasyon ak evalyasyon sou biznis; ak medyasyon ak sèvis pou abitraj ede rezoud plent kliyan. BBB a aji kòm yon entèmedyè ant biznis yo ak konsomatè yo. Jeneralman yon espesyalis rezolisyon dispit suiv plent konsomatè yo kont biznis BBB yo epi yo suiv yo jiskaske yo jwenn yon konklizyon.



Depatman Agrikilti ak Sèvis Konsomatè

Telefòn: (850) 617-7996 oswa
1-800-HELP-FLA (435-7352) oswa
1-800-FL-AYUDA (352-9832) en Espanol
www.FreshfromFlorida.com

Pwoteje anviwònman an, pwoteje konsomatè yo, epi asire manje a san danje epi li bon pou lasante. Avèk règleman ak medyasyon, Depatman an pwoteje konsomatè yo kont biznis ki gen pratik ki ilegal ak malatchong. Depatman an jere plent konsomatè yo ki gen pou wè ak biznis

avèk pwofesyon li kontwole yo; tankou kote yo repara machin, estidyo sante, ak kote yo lwe machin yo.



Depatman Kontwòl Biznis ak Pwofesyonèl

Telefòn: (850) 487-1395
www.MyFloridaLicense.com

Bay lisans ak kontwole biznis ak pwofesyonèl nan Florida yo. Ou ka depoze yon plent kont pwofesyonèl ki gen lisans pou konstriksyon; tankou kontraktè, konpayi ki ranje tèt kay, elektrisyen ak plonbye.



Depatman Opòtinite Ekonomik Florida

Telefòn: (850) 245-7105
www.FloridaJobs.org

Ede moun nan demach pou rejwenn travay tankou konpansasyon pou chomaj ak sèvis devlopman chomaj, fòmasyon, ak plasman pou moun k ap chèche travay yo. DEO ofri prè, sibvansyon ak lòt sèvis sipò finansye pou ti biznis yo epi li bay sèvis pou ede moun ak kominote yo apre yon siklòn nan pwogram Asistans Chomaj pou Katastwòf ak devlopman kominote yo.



Depatman Afè Moun Aje

Telefòn: (850) 414-2000: oswa
1-800-96-ELDER (963-5337)
www.ElderAffairs.org

Administre pwogram tankou Pwogram Medyatè Swen Alontèm nan, biwo Gadyen Piblik ak Pwofesyonèl, Kominote Pou Lavi ak SHINE (Sèvi Bezwen Moun Aje yo pou Asirans). Liy Èd Depatman pou Moun Aje an se yon pwèn depa pou nenpòt moun k ap chèche enfòmasyon sou pwoblèm moun aje oswa founisè sèvis pou moun aje; pote plent pou abi; oswa chèche opòtinite pou benevòl.



Divizyon Sèvis Konsomatè

Telefòn: 1-877-MY-FL-CFO (693-5236)
www.MyFloridaCFO.com/Division/Consumers

Liy Èd Gratis pou Konsomatè Asirans
Divizyon an gen Espesyalis Asirans dedye ki defann dwa konsomatè yo ak ede ak kesyon avèk pwoblèm asirans, tankou kijan pou depoze yon plent fòmèl kont konpayi asirans ou.

Divizyon Sèvis Fineray, Simetyè, ak Konsomatè

Telefòn: 1-800-323-2627
Deyò Eta a: (850) 413-3039
www.MyFloridaCFO.com/Division/FuneralCemetery

Divizyon Sèvis Fineray, Simetyè, ak Konsomatè a bay asistans pou moun k ap achte dwa antèman davans yo; machandiz pou fineray oswa antèman; oswa sèvis pou fineray oswa antèman.

Divizyon Ajan ak Sèvis Ajan Asirans

Telefòn: (850) 413-3136
www.MyFloridaCFO.com/Division/Agents

Jwenn enfòmasyon egzat konsènan ajan asirans, ajistè ak lòt pwofesyonèl asirans ki gen lisans. Ou depoze yon plent tou epi tcheke nan ki pwèn yon lisans pou ajan oswa ajistè rive.

Divizyon Sèvis Ankèt ak Medikolegal

Telefòn: (850) 413-3115
www.MyFloridaCFO.com/Division/DIFS

Divizyon an mennen ankèt sou fwod ak zak kriminel tankou fwod nan asirans ak konpansasyon travayè; ankèt sou dife ak eksplozif; vòl/move itilizasyon lajan Eta a; elatriye. Kontakte Divizyon an pou pote plent kont fwod nan asirans ak lòt kalite fwod.

Divizyon Fwod nan Asistans Piblik

Liy Dirèk pou Fwod: 1-866-762-2237
Telefòn: (850) 413-1901
www.MyFloridaCFO.com/Division/PAF

Divizyon Fwod nan Asistans Piblik la pwoteje rezidan Florida yo kont fwod nan asistans piblik ak enpak zak sa yo kote yo ranfòse lwa Eta a konsènan kalifikasyon pwogram yo ak itilizasyon apwopriye avantaj asistans piblik yo. Pou pote plent pou fwod nan asistans piblik ou sispèk, rele Liy Dirèk Fwod la oswa ale nan sitwèb pou pote plent kont fwo la nan www.MyFloridaCFO.com/Division/PAF/PAFResources.

Divizyon Konpansasyon Travayè

Telefòn: Reklamasyon 1-800-342-1741
Egzanpsyon / Konfòmite 1-800-742-2214
www.MyFloridaCFO.com/Division/WC

Divizyon Konpansasyon Travayè a asire ke travayè ki blese yo, patwon yo, pwofesyonèl swen sante yo, ak konpayi asirans yo swiv règleman ak lwa konsènan konpansasyon travayè Florida. Pandan Divizyon an pa responsab pou ajiste reklamasyon konpansasyon travayè yo, li edike travayè ki blese yo konsènan dwa ak responsabilite yo, revize reklamasyon kote yo te refize, kanpe, oswa sispann avantaj travayè ki blese, epi asire yo ajiste ak ranbouse yo kòm sadwa.



Depatman Sante

Telefòn: (850) 245-4339
www.FloridaHealth.gov

Ofri sèvis sante esansyèl nan kominote yo epi aplike lwa ak règleman ki pwoteje sante ak asire sekirite. Epi tou, Depatman Sante resevwa epi mennen ankèt sou plent ki gen rapò ak pratik swen sante Depatman an kontwole (pa egzanp, doktè, enfimyè, anestezi, dantis, ijyenis, ak konseye sante mantal). Kèk egzanp plent yo mennen ankèt sou yo se lè yo pratike anba estanda minimòm nan oswa fè neglijan; yon pwofesyonèl ki sou enfliyans dwòg oswa alkòl; vyolasyon règ konsènan piblisite; move konpòtman seksyèl ak yon pasyan; preskripsyon ki pa ranpli byen oswa ki pa gen etikèt ki apwopriye; epi pa bay dosye pasyan.



Depatman Afè Veteran

Telefòn: (850) 487-1533
Liy Sipò pou Veteran Florida nan 1-844-MyFLVet (693-5838) oswa 2-1-1
www.FloridaVets.org

Depatman Afè Veteran Florida a defann veteran Florida yo epi li konekte yo ak avantaj ak sèvis swen sante, travay, lojman, avantaj antèman, biznis sètifye veteran ak plis ankò. Depatman an, atravè Biwo Ajans Apwobasyon Eta li a, evalye epi apwouve pwogram edikasyon segondè ak apre edikasyon segondè pou rezidan Florida yo ka pwofite sou pwogram edikasyon veteran federal yo tankou Post-9/11 GI Bill.



Liy Sèvis Jiridik pou Lè Gen Katastwòf The Florida Bar - Divizyon Jèn Avoka yo

Telefòn: 1-800-468-5463

Liy Sèvis Jiridik pou Lè Gen Katastwòf Divizyon Jèn Avoka Bawo Florida a (Florida

Bar) bay moun ki te sinistre nan yon katastwòf Prezidan an te deklare kòm gwo katastwòf, yon èd jiridik. Moun ki sinistre nan katastwòf ki ap fè fas ak pwoblèm jiridik yo kapab rele liy dirèk la, kite yon mesaj epi yon avoka ap rele yo. Moun ki rele yo dwe presize yo ap chèche èd jiridik ki lye ak siklòn, epi yo dwe idantifye konte kote yo abite a ak pwoblèm jiridik yo genyen an. Epi tou, avoka yo kapab ede moun yo konprann opsyon retablisman apre katastwòf ki disponib pa mwaye FEMA ak lòt òganizasyon yo.



Komisyon Komès Federal la

Telefòn: 1-877-382-4357
www.FTC.gov

Kanpe pratik biznis ki pa jis, ki malatchong, oswa ki gen fwod kote yo sanble plent epi mennen ankèt, devlope règ pou gen yon mache ki san paspouki, epi edike konsomatè yo ak biznis yo konsènan dwa yo. Atravè Biwo Pwoteksyon Konsomatè li yo, FTC a kontwole reklamasyon pwodui ki fèt nan piblisite nan jounal, magazin, lapòs dirèk ak sou entènèt, televizyon ak radyo. Anplis, si ou te viktim vòl idantite oswa si yon moun ap itilize enfòmasyon pèsònèl ou pou louvri nouvo kont, fè acha, jwenn yon ranbousman taks oswa lòt kalite fwod, ou ka depoze yon plent ak Komisyon an. Li pral ede w ak kreye Rapò pou Vòl Idantite ou ak yon plan retablisman pèsònèl ki baze sou sitiyasyon ou a.



Pwogram Medyatè Florida pou Swen Alontèm

Telefòn: 1-888-831-0404 oswa
(850) 414-2323

Ombudsman.ElderAffairs.org

Misyon pwogram lan se pou amelyore kalite lavi tou rezidan nan swen alontèm Florida yo kote yo defann epi pwoteje sante, sekirite,

RESOUS

byennèt ak dwa yo. Medyatè yo se defansè moun ki abite nan mezon retrèt, sant pou ede viv ak fwaye swen yo (yon kalite sant pou ede moun viv ki bay swen 24 sou 24. Kèk nan sant sa yo pi piti epi se tankou ou lakay ou). Medyatè yo bay enfòmasyon sou kijan pou w jwenn yon sant ki gen lisans ak sa ou yo fè pou jwenn bon jan kalite swen. Yo te jwenn fòmasyon tou pou rezoud pwoblèm ki gen rapò ak swen.



AMERICAN BAR ASSOCIATION

Florida Free Legal Answers

Florida.FreeLegalAnswers.org

Repons Jiridik Gratis nan Florida (Florida Free Legal Answers) se yon klinik vityèl pou konsèy jiridik kote yon seri itilizatè kalite poze kesyon jiridik sivil epi yon seri avoka kalifye ap reponn. Avoka yo bay enfòmasyon ak konsèy jiridik debaz sou yon seri sijè jiridik ki pa penal tankou dwa familyal, kesyon finans, kesyon konsomasyon, edikasyon, travay, lojman, sante ak andikap, dwa sivil, dwa minè, konpansasyon travayè, testaman ak planifikasyon byen.



Biwo Pwokirè Jeneral la

Telefòn: (850) 414-3990: oswa
1-866-966-7226

www.MyFloridaLegal.com

Responsab pou pwoteje konsomatè Floridayo nan divès kalite fwod ak ranfòse lwa antitrust (lwa kont monopoli) Eta a. Epitou, Pwokirè Jeneral jere plent konsènan moun ki monte pri twò wo, vòl idantite nan rezo sosyo yo, pwogram asistans militè ak veteran ak plis tankò.



Biwo Pwokirè Jeneral la Moun Aje kont Zak

Telefòn: 1-800-203-3099
www.SeniorsvsCrime.com

Benevòl aje yo edike rezidan Florida yo sou fwod konsomatè epi ede ak ankèt konsomatè yo. Anplis, benevòl yo fè semine regilyèman sou ki jan moun aje yo ka pwoteje tèt yo pou yo pa vin viktim zak kriminèl.



Biwo pou Règlemantasyon Finansye

Telefòn: (850) 487-9687
www.FLOFR.com

Bay lisans ak kontwole bank, kowoperativ kredi, pretè ipotèk, konpayi tit kredi, ajans kolèk dèt ak biznis pou chanje chèk an plis plizyè lòt endistri finansyè. Epitou, Biwo a tou resevwa plent epi mennen ankèt sou fwod nan sekirite ak prè ak lòt zak ki gen rapò ak sèvis finansye ki afekte konsomatè yo.





Biwo pou Règlemantasyon Asirans

Telefòn: (850) 413-3140
www.FLOIR.com

Bay konpayi asirans k ap fonksyone Florida yo lisans, epi kontwole to asirans, pratik biznis, reklamasyon, estabilite finansyè asirans yo. Pou depoze yon plent kont yon konpayi asirans, konsomatè yo ta dwe kontakte Depatman Sèvis Finans nan Depatman Sèvis Konsomatè a nan 1-877-693-5236 oswa sou entènèt nan.
www.MyFloridaCFO.com/Division/Consumers.



www.MyFloridaCFO.com/Division/ICA

  @YourFLVoice